



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE POU MOUN YO KONTINYE FÈ PRIDANS AK
PREPARE YO PASKE GEN YON TANPÈT KOTYÈ KI KA AFEKTE NOUYÒK APATI
DIMANCH APREMIDI**

Avètisman pou inondasyon kotyè yo pibliye pou Long Island, Vil Nouyòk ak pati sid Konte Westchester apati dimanch 12 p.m. jiska lendi 8 p.m.; inondasyon kotyè nivo modere rive nan nivo wo ka rive sou bò sid Long Island ak nan Jamaica Bay

Avètisman pou gwo van anvigè pou pati lès Konte Suffolk apati dimanch 12 p.m. jiska lendi 6 p.m.; avètisman pou van fò tou anvigè pou rès Long Island, Vil Nouyòk, ak pati sid Konte Westchester. MTA pral entèdi kamyon vid ak kamyon doub sou travèsè sèt pon li yo apati 3 p.m. nan dimanch

Yo prevwa 4-8 cm (1.5-3 pous) lapli nan sid eta a

Konpayi sèvis piblik yo ajoute plis pase 1,600 travayè nan rejyon Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Long Island; kounye a gen 7,100 travayè disponib nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye prepare paske gen yon gwo tanpèt kotyè yo prevwa ki pral afekte yon gwo pati nan Nouyòk pandan kòmansman dimanch apremidi. Tanpèt la vin pi fò pandan li t ap deplase sou kòt mi-Atlantik la pou rive nan sid New England, e yo prevwa li pral lakòz gwo inondasyon kotyè, soti nan nivo modere rive nan nivo wo, nan zòn Anba Lavil Nouyòk, epi li pral pote tou gwo van ak lapli ki pral dire bon tan nan rejyon an. Kòm repons, konpayi sèvis piblik yo te ajoute plis pase 1,600 travayè nan tout rejyon Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Long Island pou sipòte operasyon repons kont tanpèt la.

"Amezi gwo tanpèt kotyè sa a ap pwoche, Nouyòkè yo bezwen pote atansyon ak mezi pridans yo epi siveye previzyon lokal yo a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk gwo avètisman sou van ak risk inondasyon yo, rete an alèt, vijilan epi pran mezi pou prepare se yon bagay enpòtan pou sekirite tout moun. Ajans eta nou yo pare pou ede Nouyòkè yo kont nenpòt enpak gwo tanpèt kotyè a ap pote."

Gouvènè Hochul te kòmans avèti Nouyòkè yo sou tanpèt sa a ak enpak li nan kòmansman semèn sa a epi li kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo byen siveye

previzyon lokal yo, prepare kay yo kòm sadwa epi pou evite vwayaje nan zòn ki afekte yo wikenn sa a.

Anplwaye Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta Nouyòk yo te antre an kontak ak konpayi elektrisite yo ki gen zòn sèvis nan rejyon yo prevwa ki pral afekte akòz tanpèt Nor'easter sa a nan fen semèn nan. Con Edison, Orange ak Rockland, PSEG Long Island, Central Hudson Gas and Electric, ak NYSEG ap siveye previzyon yo avèk anpil atansyon epi y ap prepare pou enpak posib nan zòn sèvis yo.

Preparasyon sèvis piblik yo enkli pote yon lòt 1,618 travayè anplis, aktive Kòmandman Ensidan yo, mete ekipman an plas, rele kliyan ki depann de Ekipman Sipò Lavi (Life Support Equipment, LSE) ansanm ak kliyan enstalasyon kritik nan zòn yo prevwa ki pral pi afekte yo, epi fè apèl ak otorite minisipal yo tou. Ekip sèvis piblik yo pare pou travay pandan lannwit pou reponn kote ki an sekirite pou fè sa. Tout konpayi sèvis piblik yo kontinye swiv previzyon yo epi y ap ajiste resous yo an liy ak plan ijans ki deja egziste yo.

Sèvis piblik Nouyòk yo genyen apeprè 7,118 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk, jan sa nesesè. Sa a gen ladan li ajoute plis pase 1,600 travayè depi vandredi, kote ConEd ansanm ak Orange and Rockland te ajoute 900 travayè, PSEG LI te ajoute 520, NYSEG te ajoute 198 travayè, epi Central Hudson te ajoute 44 travayè. Pèsonèl depatman an ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Menas pou inondasyon kotyè te ogmante pandan tanpèt la ap monte sou kòt la, epi Sèvis Meteyo Nasyonal la mete avètisman inondasyon bò kot pou Long Island, Vil Nouyòk ak pati Sid Konte Westchester ap kòmanse dimanch 12 p.m. rive lendi 8 p.m. Previzyon yo ap montre gwo inondasyon kotyè, soti nan nivo modere rive nan nivo WO, pou bè kòt sid nan konte Nassau ak sidwès Suffolk pandan lè mare wo yo, jiska lendi. Gwo inondasyon kotyè, soti nan nivo piti rive nan nivo modere, toujou reprezante yon menas pou rès liy kotyè a, avèk gwo posiblite pou ewozyon nan din yo ak debòdman lokalize sou plaj Oseyan Atlantik yo.

Yo prevwa gwo van tou pral yon gwo danje pandan tou dire tanpèt la. Sèvis Meteyo Nasyonal la pibliye yon Avètisman pou Gwo Van pou pi fò nan Konte Suffolk, apati dimanch a 12 p.m. rive lendi a 6 p.m., pandan y ap mete yon Konsèy pou Van pou rès Long Island, Vil Nouyòk ak pati Sid Konte Westchester. Pandan peryòd sa a, rafal van ki rive jiska 96 km (60 mil) pa èdtan alè posib e sa ka lakòz pyebwa tonbe ak blakawout posib. Akòz kondisyon gwo van yo prevwa, Otorite Pon ak Tinèl MTA (MTA Bridges and Tunnels) pral mete yon entèdiksyon an plas kont traktè remòk vid yo ak kamyon tandèm yo (piggyback, doub, trip, elatriye) sou sèt pon li yo apati 3:00 p.m. nan dimanch. Dapre previzyon aktyèl la ak dire jeneral evènman move tan sa a, yo prevwa ke entèdiksyon sa a pral an plas jiska 6:00 a.m. nan lendi.

Meteyowològ yo ap anonse tou lapli ki pral dire lontan pandan tanpèt sa a, lapli ki pi entans lan pral konsantre nan sid eta a kote yo prevwa ant 4-8 cm (1.5-3 pous) lapli nan rejyon sid Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Long Island, epi li posib pou gen ti inondasyon akòz move drenaj. Yo prevwa rejyon nò Mid-Hudson ak rejyon sid Kapital la ap resevwa ant yon pous ak 2.5-4 cm (1-1.5 pous) lapli, alòske rès eta a ta dwe resevwa yon 2.5 cm (1 pous) oswa mwens. Lapli gen gwo chans lakòz inondasyon nan zòn iben yo avèk move drenaj pandan tout dimanch jiska lendi.

Nou ankouraje Nouyòkè yo swiv previzyon lokal, alèt meteyo ak avètisman yo. Li enpòtan pou asire ke alèt ijans gouvènman an aktive sou telefòn mobil yo. Nouyòkè yo ka enskri tou pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans an tan reyèl sou telefòn yo lè yo voye non konte oswa distri yo nan nimewo 333111. Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan alerts.weather.gov.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite nenpòt demann lokal pou asistans. Rezèv eta yo pare pou deplwaye resous entèkansyon ijans ak atik jan sa nesèsè. Sant Siveyans Eta a, ki se sant alèt ak avètisman 24 èdtan sou 24 ak 7 jou sou 7 nan Nouyòk la, ap siveye trajektwa tanpèt la ak enpak li sou tout eta a ak anpil atansyon.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò (DOT) Eta a pare pou li entèvni avèk plis pase 3,413 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Anplwaye depatman an ap kontwòle aktivman zòn ki gen pwoblèm epi pare pou poze aksyon jan sa nesèsè pou atenyè inondasyon. Anplwaye yo ka konfigire nan nenpòt kalite ekip entèkansyon ki nesèsè, sa gen ladan entèkansyon nan ka inondasyon, dechiktez, chaj ak transpò, aparèy presyon dlo pou egou, koupe ak lanse, siyal trafik, elatriye. Ekip DOT yo ap tcheke ak netwaye drenaj yo ak ponso yo yon fason pwo-aktif tou.

Pou sipòte repons ak tanpèt nan rejyon Long Island lan, Depatman an ap pran aksyon sa yo:

- Ekip netwayaj rapid nan zòn ki gen preyokipasyon ak inondasyon kotyè yo pral kòmanse operasyon yo nan 7 a.m. nan dimanch.
- Yo pral raple ekip netwayaj rapid yo ansanm ak twa ekip pou koupe pyebwa nan lòt zòn nan Long Island yo pou retounen nan sèvis a 11 a.m. nan dimanch.
- Kat mekanisyon siyal trafik (de nan Konte Nassau ak de nan Konte Suffolk) pral kòmanse travay a 12 p.m. nan dimanch. Gen kat lòt ki pral rete annatant.
- Kamyon HELP yo pral antre an sèvis pou fèt Columbus Day (Kristòf Kolon) la pandan lè sikilasyon ki pi mouvman yo nan maten ak apremidi.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,477 gwo kamyon abèn baskil
- 332 gwo chajè
- 98 dechiktèz
- 82 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 33 ponp dlo
- 31 kamyon nasèl pou ak sikilasyon ak pou pyebwa
- 30 platfòm tou trafik
- 19 kamyon aspiratè ak jè egou

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an. Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj nan tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oubyen vizite 511ny.org, sous ofisyèl enfòmasyon sou sikilasyon ak vwayaj nan Eta Nouyòk.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway la genyen 656 operatè ak sipèvizè ki pare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk ekskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen dimansyon mwayen yo, kamyon abèn/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, kat Pano Mesaj Varyab (Variable Message Sign, VMS) pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt dispozitif kontwòl sikilasyon ki disponib pou tout detou oswa fèmti yo. Yo itilize VMS ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 318 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 64 Gwo Chajè
- 30 Trelè
- 2 Kamyon Aspiratè
- 15 Ekskavatris
- 7 Dechiktèz ak bwòs
- 104 Twonsonez
- 20 Kamyon aeryen
- 22 Chajez ak Direksyon
- 86 Jeneratris pòtab
- 74 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li yo ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou X, anvan li te rele Twiter, epi vizite thruway.ny.gov pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta Nouyòk yo.

Lapolis Eta Nouyòk

Lapolis Eta a te bay enstriksyon ak Manm Patwouy yo pou yo rete vijilan epi pral deplwaye pèsònèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Tout veyikil a kat wou yo an sèvis, epi tout bati ak veyikil espesyalize yo pare pou deplwaman.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Anplwaye Jesyon Ijans Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (DEC), Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Gad Forè, yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, DEC prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak potansyèl gwo lapli, gwo van, ak inondasyon ka lakòz.

DEC raple ofisye lokal yo pou yo veye potansyèl inondasyon nan kominote pa yo. Yo ankouraje minisipalite yo pou reyalize evalyasyon lokal nan zòn ki gen tandans inonde yo epi pou retire nenpòt debri ki akimile. Pèmi ak otorizasyon DEC pa obligatwa pou retire debri amwenske retire debri yo ak/oswa itilize ekipman lou ap deranje riv oswa fon kanal kouran dlo yo. Yo konseye minisipalite ak gouvènman lokal yo pou kontakte [Administratè Pèmi Rejyonal DEC](#) yo si li nesèsè pou yo bay asistans oswa pou detèmine si yon pèmi nesèsè. DEC ka bay [Otorizasyon Ijans](#) pou akselere apwobasyon pwojè yo nan plas yon pèmi endividyèl. DEC apwouve otorizasyon ijans pou sitiyasyon yo konsidere kòm ijans, baze sou pwoteksyon imedyat lavi, lasante, byennèt jeneral, pwopriyete oswa resous natirèl.

Gen plis enfòmasyon sou ewozyon kotyè ak inondasyon ki disponib sou [sitwèb DEC](#) la.

Sekirite pou randone

Move tan enprevizib ak tanpèt nan Adirondacks, Catskills ak lòt rejyon andeyò peyi a, kapab kreye kondisyon danje sanzatann. Santye yo gen kondisyon miks, epi vizitè yo ta dwe prepare ak bon rad ak ekipman apwopriye pou lapli, ak tanperati ki pi frèt pou asire yon eksperyans eksteryè ki an sekirite.

N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb [Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack](#) la pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmte wout sezonye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral.

Moun k ap vizite rejyon andeyò yo ta dwe [fè pridans](#) epi swiv bon jan gid sekirite. Planifye vwayaj kòm sadwa. Nan ka ijans, rele 9-1-1. Pou mande asistans Gad Forè, rele 1-833-NYS-RANGERS.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Anplwaye antretyen Pak Eta Jones Beach la ranfòse yon bèm

sab pou pwoteje Sant Komèsyal Santral la ak zòn pwomnad prensipal la kont inondasyon. Anplwaye Pak Eta yo te anpile epi mete sak sab otou bilding vilnerab yo nan pak bò lanmè yo. Yo te netwaye tout ekipman ki pa esansyèl ansanm ak poubèl fatra ak siyalizasyon nan plaj yo. Y ap verifye epi netwaye drenaj lapli ak zòn drenaj yo jan sa nesèsè. Natasyon fèmen pou sezon an.

Vizite pak yo ta dwe vizite parks.ny.gov, tcheke aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)

Otorite Transpò Metwopoliten an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo, enkli retire pye bwa ki ta ka tonbe sou wout yo. Pou diminye chans pou inondasyon epi reponn a nenpòt ka inondasyon ki rive, ekip MTA yo pral enspekte drenaj nan zòn ki gen tandans inondasyon yo pou asire yo fonksyone, epi sipèvizè yo pral kontwòle kote ki gen tandans inondasyon yo pou nenpòt rapò sou inondasyon pou asire gen repons rapid. Espesyalis asansè ak eskalye mekanik yo pral deplwaye nan kote ki gen tandans inondasyon yo pou ede nan nenpòt pwoblèm asansè ak eskalye mekanik ki gen rapò ak move tan.

Akòz kondisyon gwo van yo prevwa, Otorite Pon ak Tinèl MTA a pral mete yon entèdiksyon an plas kont traktè remòk vid yo ak kamyon tandèm yo (piggyback, doub, trip, elatriye) apati 3:00 p.m. nan dimanch. Dapre previzyon aktyèl la ak dire jeneral evènman move tan sa a, yo prevwa ke entèdiksyon sa a pral an plas jiska 6:00 a.m. nan lendi.

Kliyan yo ankouraje tcheke new.mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA ak aplikasyon TrainTime lan.

Otorite Pòtyè a nan Nouyòk ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey ap siveye kondisyon meteyo yo nan tout etablisman li yo. Nan ka ta gen kondisyon metewolojik grav, ajans lan ap bay alèt vwayaj regilye ak mizajou jan sa nesèsè atravè alèt imèl etablisman yo ak sou medya sosyal. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan [aplikasyon mobil PA](#) yo, ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè

- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Blakawout yo

- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.

Pou rapòte yon blakawout, rele:

- Central Hudson: 845-452-2700
- Con Edison: 800-752-6633
- National Grid: 800-867-5222
- NYSEG: 800-572-1131
- O&R: 877-434-4100
- PSEG-LI: 800-490-0075
- RG&E: 800-743-1701

Pou plis konsèy sekirite, vizite www.dhSES.ny.gov/safety.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)